

## Aplikasyon pou Elijibilite pou Pwogram Sipò pou Donè Vivan (Living Donor Support Program Eligibility Application) Aplikasyon Donè (Donor Application)

**Apèsi ak Elijibilite:** Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la ede donè ògàn vivan ki elijib yo avèk depans pou deplasman, lojman ak manje, pèt salè oswa pri tan travay ki pèdi, depans swen pou depandan, ak kèk depans medikal ki pa ranbouse ki gen rapò avèk pwosesis don ògàn vivan an. Pou li aplike, donè a dwe ranpli seksyon aplikasyon ki rezève pou li yo epi mete kopi dokiman ki apwouve yo pou li pwouve rezidans li nan Eta New York. Benefisyè a dwe ranpli seksyon aplikasyon ki rezève pou li a epi mete kopi dokiman ki apwouve kòm prèv rezidans li nan Eta New York la tou. Elijibilite pou Pwogram Sipò pou Donè Vivan an dwe detèmine **anvan** operasyon an. Tanpri note aplikasyon sa a obligatwa pou detèmine si yo ap aksepte oswa refize ou nan pwogram lan. Apre aplikasyon elijibilite a fin apwouve, pral gen lòt kominikasyon ak lòt dokiman ki pou soumèt bay pwogram nan pou resevwa ranbousman. Gen fèy kalkil ki disponib pou sèvi kòm yon gid sou fason yo gendwa distribye ranbousman an ant depans ki elijib pou deplasman, lojman ak manje, pèt salè oswa pri tan travay ki pèdi, depans swen pou depandan, ak kèk depans medikal ki pa ranbouse ki gen rapò avèk operasyon don ògàn vivan ki espesifik avèk bezwen donè a. Donè yo gendwa mande ranbousman pou youn oswa plizyè kategori depans elijib. Pa gen okenn donè yo pral ranbouse plis pase \$14,000.00 pou chak don ògàn pandan li vivan.

### ENSTRIKSYON

1. Ranpli aplikasyon donè a, asire w ou reponn tout kesyon obligatwa yo.
2. Mete prèv rezidans ou nan Eta New York. Yo mande de (2) prèv rezidans aktyèl ki diferan. Prèv yo dwe gen yon dat ki pa plis pase 90 dènye jou anvan depo aplikasyon an. Dokiman y ap soumèt pou pwouve rezidans nan Eta New York la dwe gen non konplè donè vivan an ak adrès rezidans aktyèl li. Gade lis dokiman rezidans ki apwouve pi ba a:
  - Lèt rezidans
  - Kontra lokasyon oswa deklarasyon ipotèk
  - Fich salè ki soti nan men patwon yo
  - Etadkont labank oswa investisman
  - Fich chèk pou chomaj
  - Kat enskripsyon elektè
  - Fòm W2 oswa 1099
  - Deklarasyon Sekirite Sosyal oswa andikap
  - Bòdwo taks sou pwopriyete
  - Bòdwo telefòn
  - Bòdwo sèvis piblik
  - Deklarasyon taks
3. Lè aplikasyon an fin ranpli, remèt li avèk tout atachman yo epi Atestasyon ki siyen an bay travayè sosyal ou a oswa pwofesyonèl transplantasyon an ki pral revize li epi soumèt aplikasyon an bay Pwogram Sipò pou Donè Vivan an pou ou. Tanpri pa voye aplikasyon an dirèkteman bay Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York (New York State Living Donor Support Program, NYS-LDSP).

### OU GEN KESYON?

Tanpri kontakte travayè sosyal oswa pwofesyonèl transplantasyon ki deziyen pou ou a nan sant transplantasyon an si ou bezwen èd oswa klarifikasyon. Ou gendwa kontakte Pwogram Sipò pou Donè Vivan an tou nan (518) 408-3431 oswa voye imèl bannou sou [LivingDonor@health.ny.gov](mailto:LivingDonor@health.ny.gov).

## OFFICE USE ONLY

Application #:

Applicant #:

**PWOGRAM SIPÒ POU DONÈ VIVAN: APLIKASYON POU ELIJIBILITE DONÈ****ENFÒMASYON SOU DONÈ VIVAN KI AP APLIKE A**

Enstriksyon: Donè vivan an dwe ranpli fòm sa a epi remèt li bay sant transplantasyon an anvan operasyon an.

Prenon Donè Vivan	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati	Dat Nesans

Adrès Rezidans Prensipal Donè Vivan  Verifye si donè ak benefisyè ap viv nan menm adrès

Adrès 1: \_\_\_\_\_

Adrès 2: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Telefòn Prefere: \_\_\_\_\_ Lòt Telefòn: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

Èske ou resevwa lèt pa lapòs nan adrès prensipal la?  Wi  Non Si non, bay yon adrès postal:

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Yo mande de (2) dokiman ki pwouve rezidans lan nan Eta New York nan moman soumisyon aplikasyon an.

Gade paj 1 pou dokiman yo aksepte yo. Tanpri di anba a ki de dokiman ou pral mete yo:

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_

Ògàn yo gen entansyon bay kòm don:  Ren  Fwa  Lòt, tanpri presize: \_\_\_\_\_

Non Benefisyè Final: \_\_\_\_\_

Sitiyasyon Travay Donè:  Anplwaye Tan Plen  Anplwaye Tan Pasyèl  Nan konje Andikap  Travayè Endepandan  
 Moun ki ap Okipe Kay/Moun ki ap Bay Swen  Etidyan  Nan Chomaj  Retrete  Lòt**ENFÒMASYON DEMOGRAFIK DONÈ VIVAN**

Pou ede nou pi byen konprann popilasyon Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la ap sèvi, nou mande ou tanpri ranpli seksyon annapre a. Repons ou bay kesyon ki pi ba yo pa enfluyanse elijibilite nan pwogram lan oswa desizyon sou ranbousman yo.

Sèks:  Gason  Fi  Lòt: \_\_\_\_\_Ras/Etnisite:  Blan, pa Ispanik  Nwa, pa Ispanik  Ispanik/Latino  Enkoni/Lòt  Azyatik, pa Ispanik  
 Amerendyen/Natif Alaska, pa Ispanik  Moun Zile Pasifik, pa Ispanik  Milti-rasyal, pa IspanikEdikasyon:  Pi ba pase lekòl segondè  Diplòm lekòl segondè/GED  Lekòl teknik/pwofesyonèl  
 Kèk ane inivèsite  Diplòm inivèsite 2 lane  Diplòm inivèsite 4 lane  
 Pi plis pase 4 lane inivèsiteLang Prefere: \_\_\_\_\_ Èske ou bezwen Sèvis Asistans nan Lang?  Wi  Non

Non Prefere: \_\_\_\_\_ Non An Lèt Detache: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Ki kategori depans ou panse mande ranbousman pou yo?

 Salè  Swen pou depandan  Deplasman  Moun Sipò  Depans medikal yo pa ranbouse

**OFFICE USE ONLY****Application #:****Applicant #:****FÒM ATESTASYON DONÈ VIVAN KI AP APLIKE A****Pwofesyonèl transplantasyon:** Tanpri kenbe yon kopi fòm sa a nan dosye medikal donè a.**Enstriksyon:** Ekri non ou nan espas vid ki anlè a, li tout deklarasyon yo, epi siyen non ou anba a.

Mwen, \_\_\_\_\_, etan yon donè ògàn vivan ki ap aplike pou Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York, mwen bay tout enfòmasyon yo mande nan aplikasyon elijibilite an yon fason ki sensè ak konplè, epi mwen sètifye mwen gen entansyon kontinye tout etap pwosesis evalyasyon, operasyon ak swivi donè vivan an jan sant transplantasyon an eksplike yo, sof si sant transplantasyon an di mwen pa kapab kontinye pou vin yon vre donè vivan.

- Pèsonèl sant transplantasyon an enfòmè mwen sou sa yo rele konsiderasyon ki gen valè (valuable consideration), epi selon pi bon konpreyansyon mwen, mwen respekte konplètman Seksyon 301 nan NOTA (42 U.S.C. §274e), ki presize, an pati, li ilegal pou nenpòt moun jwenn, resevwa oswa transfere nenpòt ògàn imen ak tout konsyans li pou lajan pou yo sèvi nan yon transplantasyon lakay moun.
- Se pa lajan ki motive mwen vin yon donè vivan.
- Mwen pa gen okenn enfòmasyon ki montre gen lajan ki ap fèt nan kad don ògàn pandan mwen vivan an.
- Mwen konprann ke Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la, selon lalwa Eta a, pa kapab ranbouse okenn donè vivan pou salè pèdi, ni depans pou deplasman ak nenpòt lòt depans ki elijib si donè a resevwa oswa ta dwe resevwa ranbousman pou depans sa yo nan men yon peyè tyès pati, tankou yon asirans, yon avantaj sosyal nan travay, pwogram konpansasyon Eta a, yon pwogram avantaj sante Federal oswa Eta, oswa yon antite ki bay asirans sante sou baz peman davans.
- Mwen bay pèmasyon pou sant transplantasyon an pataje enfòmasyon mwen avèk Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la pou verifikasyon enfòmasyon, detèminasyon elijibilite nan pwogram lan ak/oswa ranbousman.
- Mwen rekonèt ke ranbousman depans ki elijib yo, pa egzantp pèt salè, gendwa sijè ak deklarasyon taks sou revni federal ak/oswa leta. Moun ki ap aplike an responsab pou kontakte yon konsye taks ki kalifye pou detèmine obligasyon taks ki gen rapò avèk ranbousman li resevwa nan Pwogram Sipò pou Donè Vivan an. Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la pa responsab pou okenn konsekans fiskal ki kapab sòti nan pwogram ranbousman an.
- Si yo detèmine ke mwen elijib pou patisipe nan Pwogram Sipò pou Donè Vivan, anvan mwen mande ranbousman depans ki elijib yo nan pwogram lan, mwen pral chèche ranbousman nan men nenpòt peyè tyès pati ki disponib pou mwen, epi mwen pral divilge enfòmasyon sa a bay Pwogram Sipò pou Donè Vivan an lè mwen ap fè demann pou nenpòt ranbousman pou depans pwogram lan pa ranbouse.
- Mwen bay pèmasyon pou Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la echanje enfòmasyon minimòm ki nesèsè avèk nenpòt peyè tyès pati ke donè vivan an oswa sant transplantasyon an idantifye, lè sa nesèsè pou revizyon oswa verifikasyon.

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen deklare, sou penalite pou fo deklarasyon dapre lwa Federal ak Eta yo, ke tout enfòmasyon mwen bay yo vre epi kòrèk. Mwen konprann tou ke lwa Federal ak Eta yo gendwa prevwa penalite sou fòm amann ak/oswa anprizònman, oswa refi asistans ranbousman yo mande a, si mwen pa di laverite lè mwen ap aplike pou asistans nan Pwogram Sipò pou Donè Vivan Eta New York la, oswa si mwen kache oswa pa divilge enfòmasyon ki reyèl nan pwosesis aplikasyon an.

**Siyati Donè a:** \_\_\_\_\_**Siyati moun ki depoze aplikasyon nan sant transplantasyon an:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_**Non konplè moun ki depoze aplikasyon an:** \_\_\_\_\_**Tit moun ki depoze aplikasyon an:** \_\_\_\_\_**Nimewo telefòn moun ki depoze aplikasyon an:** \_\_\_\_\_**Imèl moun ki depoze aplikasyon an:** \_\_\_\_\_